

Together to Kindergarten

Ansanm, Ansanm pou Kindègaten – Juntos al Kinder

Together to Kindergarten:

Yon pwogram ki prepare timoun

Pou kindègaten nan Mize pou Timoun nan Long Island

(LICM)

GRATIS!

Pou fanmi ki pa fè edikasyon yo isit, ale lekòl Ozetazini, se yon eksperyans ki ka jennen timoun ak paran yo!

Together to Kindergarten: yon pwogram trè espesyal k ap prepare timoun pou kindègaten. Pwogram sa a se Mize pou Timoun nan Long Island **(LICM)** ki kreye li pou ede timoun imigran k ap kòmanse Kindègaten ak fanmi yo yon tranzisyon trè fasil nan lekòl isit.

N ap ofri de sesyon de Together to Kindergarten pandan vakans dete an. Nap itilize yon modèl denstriksyon kap konbine de kote: nan mize a lè lendi ak lakay ou nan Zoom lè madi a vandredi maten.

Premye sesyon: 28 jyen – 23 jiyè, 2021

Oryantasyon: samdi, 26 jyen, 2021

Dezyèm sesyon: 26 Jiyè – 20 out, 2021

Oryantasyon: samdi, 24 jiyè, 2019

Pwogram sa gratis.

Pou Timoun Yo...

Klas yo ap fèt an anglè.

Lè lendi nan Mize a: 9 è a 11 è di maten (transpòtasyon pa w)

Madi a vandredi maten: 10 è a midi nan Zoom

Pou Paran Yo...

Yon paran ou gadyen timoun nan oblije patisipe nan yon seminè kap dire 1 è de tan, yon fwa sèlman chak semèn, nan Zoom. Seminè sa yo ap aprann paran kijan pou yo byen sipòte pitit yo lekòl e lap fèt nan lang ou pale.

Tout fanmi ki patisipe nan Pwogram nan ap resevwa yon kat pou yo ka vin n manm mize a gratis!

Pou w anrejistre oubyen pou gen plis enfòmasyon:

Rele Karoll Joseph nan nimewo 516-224-5844

kjoseph@licm.org

